



Tamarac Elementary


Richard Garrick, Principal

7601 N University

Tamarac, Florida 33313

phone: 754-322-8600 • fax: 754-322-8640

Richard.Garrick@browardschools.com



TAMARAC ELEMENTARY / 2621

**Notis Anyèl pou Paran/Gadyen (Dwa-pou-Konnen)
Dwa pou fè yon demann enfòmasyon sou kalifikasyon Pwofesè/Parapwofesyonèl**

Out 27, 2024

Pou Paran/Gadyen:

Nan kad Lwa 2015 chak Elèv Reyisi (ESSA) [Every Student Succeeds Act (ESSA)], distri lekòl nou resevwa finansman li nan men gouvènman federal pou pwogram Title I. Kòm youn nan kondisyon ekzijib pou nou resevwa fon-sa-yo, nou dwe notifye paran/gadyen sou dwa-yo pou fè yon demann enfòmasyon epi resevwa enfòmasyon an konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit-yo ak asistan ann edikasyon (parapwofesyonèl).

Lalwa ba-ou dwa mande konnen ransèyman sa-yo:

- Si pwofesè pitit-ou satisfè kritè lisans ak kalifikasyon Depatman Edikasyon Leta Florid (FLDOE) ekzije pou klas ak matyè (oswa plizyè matyè) lap anseye;
- Si yo wete kondisyon FLDOE kifè lekòl-la va otorize pwofesè a anseye lè yon sityasyon ijans (emèjenssi) oswa dapre lòt klòz ki mansyone nan kontra;
- Si pwofesè a diplome kolèj ak yon major, nan ki disiplin akademik oswa espesyalizasyon li obteni diplòm/sètifikasyon, sik etid siperyè;
- Si parapwofesyonèl, nan kad responsablite-yo, founi pitit-ou sèvis epi, nan ka sa, ki kalifikasyon parapwofesyonèl-yo;
- Nivo akonplisman ak nòt pitit-ou obteni nan tès evalyasyon akademik Leta ekzije.

Si ou ta renmen resevwa nenpòt enfòmasyon ki dekri anwo a, tanpri rele nimewo lekòl-la (school phone number here) epi mande pale ak (Insert the name the Title I contact person here) pou (Insert name of school here).

Mèsi paske ou montre ou enterese epi pou patisipasyon ou nan edikasyon pitit-ou.

Avèk respè,

Richard Garrick